I. Расул Х!амзатов рак1алде щвей

II. Поэтасул г1умруялъул къокъаб баян бицана цо ц1алдохъанас

III. Расулил асарал ва т1олабго творчество къабул гьабуна цох1о Дагъистаналда гуребги киса кибего дунялалдаго миллион ц1алдолез. Шаг1ирасухъе бач1араб аза- азар кагъаталдасан цо-цо коч1ол мухъал рик1к1ине руго ц1алдохъанас

Расул Х1амзатовасде.

Рик1к1адасан щварал гьудулзабазул

Гор сверухъ унго дур рек1ел г1ат1илъи

Расул горду къирун къват1иве вакке

Къаси нилъей кьураб буго гьаб сордо

Муг1рул расалъуда г1одор рук1ине

Дида кола щобда кенч1елеб бугеб

Моц1алъги нилъ доре ругин ах1улел

Я . Козловский.

IV. Расул Х1амзатовасда к1вана жив вижарав ва г1ураб ват1аналъул х1акъалъулъ г1адамазе ва г1аламалъе гъваридаб ва г1ат1идаб баян кьезе жиндирхалкъалъул тарих ва къисма тцогидазе рагьизе гьезул гьоркьоблъи гьудуллъи гьалмагълъи щула гьабизе.

Маг1арулал-ах1ана ц1алдохъабазул хоралъ

V. Гьарула.

VI.

VII.

VIII.

IX. Адабият бижаралдаса нахъе гьелъул аслияб мурадлъун бугеб пикру коч1охъанас къокъго дурусго гъваридго загьир гьабулеб буго хадусел мухъазулъ:

Рорхатал ц1вабзахъе сухъмахъал гьарун
Гьенире ракетал роржаян абе
Бищун т1адег1анал г1агарал ц1ваби
Г1адамазухъе щвей буго дир мурад

Киве кканиги киг1ан рик1к1адал улкабазде щваниги Расулил рак1ва пикраби кидаго г1агараб Дагъистаналда хирияб маг1арул т1алъиялда бук1уна гьелъул х1акъалъулъ х1айранго ва к1удияб рокьигун хъвана поэтас.

1 Маг1арулазул ват1ан-бицана Мух1амадзагьирова М
2 Ц1адастан-Гераева Ш

Маг1арулазул кьурди бихьизабуна 7-абилеб классалъул ц1алдохъаналъ
Кинаб аваданлъи рокъоб бук1унеб
Рахьдал мац1 лъаларел лъимал ругони
Халкъалъе жиндир мац1 х1ажат бук1ин гьеб гьеч1они миллатги бук1унареблъи мац1 ч1аго хут1иялда хьул ва гьеб халкъалъ ц1униялда божилъи бихьизабулеб буго Расул Х1амзатовас «Авар мац1»-абураб коч1олъ бицана 3 ц1алдохъаналъ
Расул Х1амзатовасул куч1дузулъ к1удияб бак1 ккола эбелалъул образалъ Поэт кидаго г1ащикълъун вук1уна свакараб бет1ер гьелъул х1еренал квеstill

Сценка»Реццалъ чи гьавуларо»

Х1амзатил Расулил асарал ц1алулаго якъингобихьула гьезулъ бессун бук1ин Инхоса Г1алих1ажиясул пикрудал г1акълудал гъварилъиги Мах1мудил

х1асраталъул ц1адул гьелегьиги Х1амзатил каламалъул бег1ерлъиги раг1ул къуватги .

Хасалихълъи-1 ц1ал-налъ

Маг1арул кеч1 кин бижараб ?-2 ц1-налъ

Дир мурад-3 ц1-ралъ

«Йорч1а маг1арулай

Г1елин кьижарай»

Сценка «Маг1арулай»

Шаг1ирасул г1емерисел асарал лъугьана унго–унголъун халкъиял куч1дуллъун гьез бечед гьаруна нилъер бакънал гьел лъугьана киноялъул ва эстрадаялъул кьуч1лъун гьезул маг1наялда ва пикруялда рижана суратал ва памятникал рохалил байрамал

Гьез бечед ва берцин гьабуна нилъер г1умру ва ч1аголъи.

«Къункъраби»-ах1ана ясазул хоралъ цадахъго кьурдиги бихьизабуна

*Расул Х!амзатов рак1алде щвей*

Расул мун хунилан пашманлъаниги

Хвел гьеч1ел асарал нахъе хут1идал

Хут1арал веказе насих1атазул

Томал гурищ тарал дурго бак1алда

Гьал муг1рузде бугеб гучаб рокьиялъ
Дур г1адин бух1аги щивасул керен
Муг1рул улкаялде бугеб х1асраталъ
Дур г1адин чвахаги щивасул м аг1у

Парижалде щведал Гъуниве ц1арав
Индиялде щведал Дагъ ан ах1арав
Гьавиладай т1ок1ав мун г1адав поэт ,
Вахъинадай т1ок1ав мун г1адав шаг1ир

Ват1аналде бугеб дурр рокьул ц1адул
Цо х1енех1ги г1ела гьаб дир халкъалъе,
Хвезег1ан гьабураб ургъалил бут1а
Цо къат1раги г1ела г1алам кант1изе.

Мероприятие т1обит1улеб зал кин къач1алеб?

1 Киназдаго бихьулеб залалъул цебесеб гьумералда художникас бахъараб Расул Х1амзатовасул к1удияб портрет ч1вана .

Гьелда гъоркьан хъвана мухъал :

«Муг1рул тун авлахъазде

Гочунел маг1арулал

Маг1арул мах1ги ях1ги

Гьарулацадахъбосе.

2.Гьелда гъоркьан добехун ч1вана Расул Х1амзатовасулги Ц1адаса Х1амзатилги цадахъ рахъарал портретал .Портретазда т1асан хъвана раг1аби :

«Инсулирсбосарав вас»

Гъоркьан хъвана к1иявго поэтасул раг1абиги.

«Коч1охъанлъун лъица дун вахъинавурав?

Халкъалъ гьавуна.

Ва дир библиотека бук1ана халкъ.

Халкъалъухъа босана,халкъалъухъе кьуна»

Рорхатал ц1вабзахъе сухъмахъалгьарун

Гьенирераketалроржаянабе
Бищун т1адег1анал г1агарал ц1ваби

Г1адамазухъе щвей буго дир мурад

Залалъул цогидал къадазда ч1вана ц1алдохъабаз биччараб стенгазета .

Киназдаго бихьулеб бак1алда ч1вана «Расул Х1амзатов рак1алде щвей»-абурал раг1аби.

Расул Х1амзатовасул т1ахьазул выставкаги гьабуна,буклетги гьабуна.

# Внеклассное мероприятие на тему:

# «Расул Хlамзатов раклалде щвей»

Подготовила учитель родного языка и литературы МКОУ«СОШ №17» г.Хасавюрт Бадрудинова Заира Тажудиновна